

Teyo  
Lavil mwen prale





Mwen rele Teyofil, zanmi mwen yo rele m Teyo.

Dòmi paka pran mwen, je mwen klè anvan kòk chante, anvan menm solèy la parèt pwent tèt li anlè mónan.

Sa k ap pase konsa?

Yè swa manman mwen ranje tout rad mwen yo nan yon valiz. Li menm mete soulye tonton Frantz te voye sot Nouyòk pou mwen yo, poutan yo twò gwo pou mwen.

Depi twa jou lakou a chaje ak vwazen k ap vizite li.

-« Teyo, ou santi w gwo gason pa vre?

- Aaaa! Men Teyofil mwen t ap pale a! »

Y ap tape zepòl mwen, y ap ri, y ap sekwe tèt yo. Men pèsonn pa esplike mwen anyen.

Grann mwen ap bay souri jòn poutan nan je li gen tristès.

Gen de lè li koke mwen fò epi l ap plenn se « hmmmm ».



Sèl sa mwen rive konprann nan tout charabya granmoun yo se mwen pral pati. Mwen tandé pale de orè bis. Tonton Frantz se yon bis li te pran lè li t ap pati a.

Poukisa mwen ap pati, kibò mwen prale?

Kesyon fè mikalaw nan tèt mwen, Vant mwen ap fè mwen mal, lap bouyi, men se pa grangou mwen grangou...

Manman mwen pwoche kote mwen tou dousman. Nan limyè douvanjou a, je li klere ap gade mwen. Mwen gen yon sèl chagren ki anvayi mwen, dlo komanse koule nan je mwen.

«Pa kriye pitit mwen. An avan, souke kò w, pa gen tan pou pèdi ».

Mwen anvi di manman mwen jan mwen gen laperèz, jan mwen bezwen konprann sa k ap pase a. Men mwen rete bouch be.

Mwen siye je mwen, mwen leve epi mwen met rad sou mwen byen rapid. Mwen pa gen dwa poze kesyon, manman mwen ap fache. Li pa renmen kesyon ditou.



Sou twazyèm kokoriko kòk la nou gentan nan papòt la pare pou nou ale. Grann mwen la, men papa gentan ale nan jaden. Pa mande mwen kibò nou prale, nou byen wè mwen pa konnen.

Manman mwen abiye pòtre yon larèn solèy avèk bél wòb vèt ak kol blan li a ! Wòb la fè bél ti po nwa li a klere tankou reflè lalin sou lanmè nan fè nwa. Li fè ti kouri nan tèt li epi li mare yo ak yon bél riban ki menm koulè ak wòb la. Ta sanble vwayaj sa enpòtan anpil.

Lè nou rive devan kloti a, Grann mwen kòmanse ba nou pinga:

-« Veye afè nou wi, Pòtoprens se malè pandye »

Se Pòtoprens nou prale ! Kè mwen tounen yon tanbou tèlman l ap bat fò, Mwen resi pral wè mèvèy sila ak de je m.



Ti Jak te rakonte nou kijan Pòtoprens te ye.

-« Mwen manke pèdi tèt mwen nan foul moun yo! Yo pouse mwen,  
Mwen te sou tankou yon moun ki bwè kleren »

-« Wi! Antwàn kouri di « tout kote se moun k ap monte desann,  
chaje ak machin! Ou vin fou ak tout bri sa yo nan tèt ou »

Tout moun tonbe ri.

-« Antwàn ou toujou ap met pase genyen. » se sa Dyesèl te di

-« Non! Tande ! Eske ou wè mòn kote papa ou konn ale mare bèf la  
? Eske ou wè jis kote kabrit yo k ap manje fèy malanga a? Enbyen  
Pòtoprens pa gen bèf, pa gen kabrit, pa gen malanga, pa gen  
bannann, tout kote se kay, lari, moun ak machin.»

O! Nou te rete bouch be, je kale. Nou t ap eseye imajine kote sa a.



Poukisa n ap fè gwo vwayaj sa, se pou yon lantèman? Genlè se lopital y ap mennen mwen ! Mwen santi se kapab yon bagay grav, men kisa ? Ayayay... tèt mwen lou tèlman mwen reflechi.

Tèt mwen telman ap travay mwen desann mòn nan san mwen pa konnen, se wè mwen wè mwen rive nan platon. Grann mwen menm gwochè ak ti dwèt mwen, byen lwen dèyè nou, toujou kanpe kote nou te kite li a.

Bon! Men papa mwen k ap ri ban mwen pandan l ap sòti nan chan mayi a. Li kontan. Li pase men nan tèt mwen.

- « Bonjou papa »
- « Bonjou ptit mwen, mwen fyè de ou. Tande byen sa mwen pral di ou yo : fòk ou toujou respekte granmoun, epi byen fè travay ou. Moun lavil yo se moun menm jan ak nou, w ap wè »
- « Wi papa » se sa mwen reponn, men kesyon yo toujou ap danse nan tèt mwen: ki travay, ki granmoun? Epi poukisa li kontan mwen prale ?

Mwen pa menm bezwen eseye poze kesyon, mwen konnen mwen pap jwenn repons.

Li ba nou de (2) fig epi li voye nou ale.



Nou gen inédtan nan bis la.

Nou pase nan de (2) gwo vil ak yon pon. Ti kay mwen an sou tèt mòn nan byen Iwen dèyè. Mwen wè fi k ap lave rad nan larivyè, mwen wè timoun k ap benyen toutouni. Nou fè yon ti kanpe bò yon mache nou achte tablèt pistach ak dlo.

Jan mwen te anvi pati sa, pou mwen ale wè, anyen pa enterese mwen. M ap fouye lespri mwen, m ap eseye konprann poukisa mwen nan bis sa. Vant mwen ap bouyi tankou chodyè pwa sou dife, kè mwen ap sote, mwen cho epi men mwen ap swe. Mwen santi mwen pa ka kenbe ankò, fòk mwen jwenn repons.

Manman mwen voye je gade mwen, mwen tou profite vide kesyon sou li:



- "Poukisa nou prale Pòtoprens ? Poukisa papa mwen pale de travay? Poukisa ou vini ak bèl soulye mwen yo? Ou pral vann yo? Se Tonton Frantz ki te fè mwen kado yo, mwen vle kenbe afè mwen !"

Kesyon ap vide sot nan bouch mwen, tankou dlo k ap ponpe lè tiyo kase, mwen pa fouti pe !

Manman mwen kale je l sou mwen pou mwen kapab konprann pou mwen kalme :

-« Oo tekwè yo di ou timoun pa gen dwa poze granmoun kesyon se malelve sa ye ! Pasyans ti gason ! Twò prese pa fè jou louvri !

-« Wi manman »

-« Gade yon timoun mesye ! »

Epi li tonbe ri. Depi manman mwen kòmanse reponn ak pwovèb li pap pale ankò, mwen chire !







Lè mwen resi rive Potoprens. Sa Antwàn ak Ti Jak te di a se te pou tout bon. Pòtoprens se yon kanaval rèl, mizik, koulè... men mwen paka pran tan pou mwen byen pwofite.

Mwen ap mache nan yon lari plen ak moun, moun ap voye mwen pasi pala tankou yon ti kannòt siklòn bare. Men mwen mare sere nan pa manman mwen, Mwen ap goumen ak siklòn laperèz k ap ravaje andedan kè mwen an.

Mwen pa wè anyen, mwen pa tandé anyen, sèl ti vwa nan tèt mwen an k ap mande « kisa ki pral pase ? ».

Mwen pa konnen.

Sa ou vle mwen fè, lè granmoun pa vle bay esplikasyon yo pi mal pase bourik ki pa vle vanse.



Lè nou rive devan yon ti kay, pòt la louvri sezisman pran mwen !  
Yon Madanm ki sanble tèt koupe ak manman mwen ak yon ti fi ap  
ri banm mwen.

Oooo... Mwen tèlman sezi tout moun tonbe ri.

« -Teyo men marenn ou, matant Jezila. Mwen konn pale w anpil de  
li, se ti sè mwen.

- « Bonjou cheri, a la kontan mwen kontan wè ou ! Gade wotè ou ! »
- Bonjou matant...
- Men kouzin ou Damila. Tout moun rele li Ti Da.
- Bonjou kouzin Damila... »
- A ! kouzen ! Rele mwen Ti Da pito ! Ou resi rive ! Vini mwen pral  
mennen ou ale konnen zanmi mwen yo ! »

Ti Da trennen mwen dèyè li pandan je mwen paka dekole sou tout  
kay sa yo ki youn sou lòt.

-« W ap fini pa abitye! An nou fè vit Marasa yo ap tann nou.



Se konsa nou tonbe sou yon riyèl kote yon match foutbòl ap byen jwe.

Kan yo fèt ak wòch menm jan mwen ak zanmi mwen yo konn fè sou tenren kay pè Loran an.

De (2) timoun kouri vin jwenn nou.

-« Ou ta di se menm moun nan (2) de fwa ! »

-« Ou pat ko janm wè marasa nan lavi w ?! Yo rele Jonson ak Jenson! »

-« Koman ou ye? Ti Da pale nou anpil de ou.

Ou se kouzen li? Enbyen nou pral wè si ou fò menm jan avè l. »

Ooooo! Ti Da pi fò pase w, li konn trible tankou yon chanpyon !

Se depi jou sa mwen konnen Ti Da kouzin mwen, renmen foutbòl menm jan ak mwen.

Anvan lanjelis sonnen tout timoun konnen fòk yo rantre lakay yo !

Vit vit ..., solèy la pa dwe rive anvan nou.



Nan demen, lè mwen leve, Mwen fè wonn kay la ap chèche Ti Da.

-« Bonjou Ti Da. Sa w ap fè devan gwo kivèt rad sa a?

- « Bonjou kouzen ! Ou leve? Mwen ap prese lave rad sa yo pou mwen fini paske jodia mwen vle mennen ou ale konnen yon ti kote ki majik.

- « Ranje kò w, ban m ede ou Ti Da ! Konsa n ap fini pi vit. Grann mwen aprann mwen lave. Ou pral wè mwen konn fè tout travay nan kay.

- « Enbyen kouzen, ou pa yon gason konsa konsa non! »



Nou fini lesiv la nan de tan twa mouvman. Apre sa Ti Da mennen mwen kay yon vwazin yo rele Madàm Mari. Madàm Mari rete nan yon kay an bwa ki prèske fin kraze. Madàm Mari menm sanble gen menm laj ak kay la.

-« Ti Da ou pa wè tèt kay la ? Ou ta di li pral tonbe sou nou wi ! »

-« Pa enkyete w, kay sa gen menm laj ak peyi Dayiti, li kenbe jouk kounye a. Bonjou Madàm Mari, se kouzen mwen Teyo, eske mwen kapab montre li chanm majik la? »

-« Men wi Ti Da. » Madàm Mari di pandan l ap ri « ou konnen isit la se lakay ou, ni ou ni kouzen ou an »



Epi Ti Da louvri yon pòt ki bay sou yon kokenn chenn pyès kay. Te gen liv tout kote, liv kanpe dwat sou etajè, liv sou tab, liv tout atè a, ata nan bwat katon gen liv.

-« Se premye fwa nan vi mwen mwen wè tout liv sa yo! »

Ti Da tonbe ri mwen.

- « A la bèl hmm? avèk Madàm Mari nou antann nou: mwen li pou li, li menm li gen pou li ede mwen nan fè devwa mwen yo, konsa mwen ka li tout liv ki nan lide mwen! Li di liv fèt pou pase men nan men. Lè yo twò difisil pou mwen konprann, li esplike mwen sa yo vle di.

Je li pa twò bon men li gen yon bon memwa!

Lè mwen gran, mwen pral travay nan yon gwo bibliyotèk plen ak liv, m ap prete tout timoun liv. Wi, mwen deside se bibliyotekèz mwen ap ye! »

Ou menm kouzen kisa ou vle fè lè ou gran?

-« Mwen pa konnen non, mwen pa janm panse ak sa. »

Nou pase tout rès jounen an andan pyès kay sa a, ap li anpil liv.

Lannwuit la lè mwen nan kabann mwen, mwen lmagine Ti Da granmoun nan mitan yon bann timoun ak yon pakèt liv tout koulè, dòmi pran mwen ak lide I ap vin yon bon bibliyotekèz...







Jou kouri ! Maten an gentan fè mwen twa (3) jou Pòtoprens. Ti Da ak mwen tèlman vin zanmi ou ta di nou te leve ansanm.

-« Ti Da m ap sonje w anpil lè mwen tounen lakay mwen. Mwen t ap kontan fè ou kontre ak zanmi mwen yo. Lè mwen pral rankonte yo tout sa mwen viv Dyesèl pap vle kwè mwen »

Kè mwen kontan lè map panse ak Dyesèl. Mwen vire gade Ti Da. Mwen wè li pap ri avèk mwen, I ap gade mwen yon jan jennen.

« - Manman ou genlè pa di ou anyen, kouzen ?

- Sa pou li te di mwen kouzin ?

- Mwen pa konnen si se mwen ki pou di ou... Ou pap tounen non...

- Kisa ?

- Ou pa konnen sa ou vin fè Pòtoprens ? Manman ou ap kite ou isit, ou pral lekòl avèk mwen. Ou pa kontan ?

- Se pa vre ! Manti ! »



Sa k ap pase mwen konsa, ou ta di mwen tounen Dyesèl. Kè mwen pa vle kwè sa zorèy mwen tandé.

« - Non mwen pa kwè sa w ap di a. »

Epi mwen kòmanse sonje tou sa ki te pase lakay. Mwen kòmanse konprann tout bagay.

Vwazinay k ap plede vin lakay la, je grann mwen ki chaje ak chagren, konsèy papa mwen yo... Wi, kounya mwen fini pa konprann.

Kòlè anvayi mwen. Paske tout moun te konnen mwen pap tounen, sèl mwen. Granmoun yo kenbe sekrè yo, yo pa banm okenn esplikasyon !

Se yon pinisyon, oubyen ? Kòman mwen ap fè mande padon si mwen pa konnen kisa mwen fè ki mal!



Zafè si Ti Da wè mwen k ap kriye, paske mwen pa ka kenbe. Mwen mete de men mwen sou bouch mwen men sa pa sifi pou kenbe rèl mwen.

« - Poze ou non Teyo...

- Non ! »

Ti Da ap eseye pran men mwen, mwen pa bezwen konsolasyon.

« - Kite m ! »

Mwen pouse li twò fò. Li chavire.

« - Eskize mwen Ti Da, mwen pat vle fè ou mal... »

Tan pou mwen fin pale li gen tan kouri ale, ak de ran dlo nan je l.  
Tristès anvayi m, paske mwen fè Ti Da mal, Pou jan Ti Da pran ka  
mwen... Mwen rele pi plis toujou.



Manman mwen manke kraze pòt la pou li louvri l, Ti Da kanpe dèyè do li

« - Sa k ap pase la ? Poukisa nou tou de ap kriye konsa ? »

Mwen ap eseye vale kriye mwen, fòk mwen pale pou mwen fè manman mwen konprann sa ki nan kè mwen. Mwen vle kalme mwen, men mwen pa kapab, twòp efò, m pèdi kontwòl emosyon mwen.

Pye mwen pati poukont li ale choute ti chèz Ti Da a.

BOW ! Chèz la frape nan mi an li ale ateri atè a bò pye manman mwen an.

\* A grand fracas : qui fait un grand bruit



- « Padon Ti Da, mwen pat vle fè ou kriye. Men mwen fache anpil. Manman, Ti Da rakonte mwen tout bagay. Ou prale kite m pou ou ban m yon pinisyon ?

Se poutèt defi Ti Jak te ban mwen an ! Wi, se mwen ki te demare bourik pè Loran an, men apre sa se mwen ki te desann ale chèche bêt la jis nan ravin nan ! Non, mwen konnen, se poutèt mango Madan Kamèl yo mwen te manje a ! Se paske li pat kenbe pawòl li ! Mwen te ede li pote sak chabon li yo!

Mwen pa konnen kisa mwen fè ki pa bon non manman, Grann toujou di lè ou fè sa ki pa sa ou ka ranje sa.

Mwen vle retounen lakay avèk ou. Tanpri, pa kite m la a.



«- Ba ou yon pinisyon, poukisa ? Sa w ap di konsa Teyo?

- Silin, èske ou te esplike li bagay yo ? »

Matant Jezila, te kouri vin wè pouki tout bri sa yo.

« - Esplike Teyo tout sa m ap fè, Jezila? Se yon timoun !

- Hmmmm... timoun chaje ak sipriz wi...

- Pandan tout sa ki nan tèt li se jwèt, mwen m ap prepare avni li.

- Wi, mwen konnen se byen li ou vle, men èske ou panse ak kòman li ka santi l ? Timoun yo santi sa nou santi, sa ba yo pwoblèm yo menm tou.

- Se vre. Mwen te tèlman gen anpil bagay m ap fè mwen blyie ou Teyo. Men sa pa ba ou dwa pou kraze yon chèz ! Si ou kontinye pa respekte mwen, sa mwen wè pou ou, menm Antwàn nan gomye pa wè li ! Depi kilè se timoun k ap kòmande?

- Woy... kite m pale avèk li Siline. »



« - Fiyèl, di mwen kòman ou te santi w depi lè ou kite lakay ou ?

- Mwen te kontan dekouvri Pòtoprens, men mwen te pè tou, paske pèsonn pat di mwen ki lakòz gwo vwayaj sa. Mwen pat konprann pouki grann mwen te chagren olòske papa mwen te kontan. Mwen tèlman kalkile sa te ban mwen tèt ak vant fè mal. Lè Ti Da di mwen se isit mwen pral viv, mwen te kwè se yon pinisyon poutèt mwen fè yon dezòd, manman mwen pat vle mwen ankò lakay li!

- Ou wè sa m ap di ou a Siline? Teyo te santi gen yon bagay ki t ap pase epi sa toumante li.




- O... Podjab Teyo ... ! Mwen regrett ou bay tèt ou tout pwoblem sa yo, ou dwe kwè nou menm gramoun yo nou di avè w. Lavi a tèlman difisil, n ap eseye prepare w pou li...
- Mwen konnen wi, manman. Men fòk ou esplike m bagay yo tou! Mwen santi m tankou yo komisyon y ap pote soti la ale lòtbò.
- Timoun yo tou kapab patisipe nan desizyon fanmi an, di sa yo panse, konsa yo pap santi yo mete yo sou kote. An nou pran yon egzanp, si fiyèl mwen te konnen li t ap pati, li te ka pa tris menm jan an. Sa pa tap retire anyen sou ou.
- Ou gen rezon sè mwen. Se dwa timoun yo tou pou yo respekte yo.
- Se sa ! Yon timoun ou pa bay esplikasyon se tankou yon moun ou bouche je li epi ou di li vanse! Li pè, I ap imagine tout kalite malè!
- Ou gen rezon sè mwen, timoun pa ti bët. Fòk nou fè anpil atansyon ak santiman yo. »



Manman mwen vire gade mwen :

« - Koute ptit mwen, kite m di w tout bagay nèt. Sak fè nou vin Pòtoprens, se paske ou se fyète mwen ak papa w ! Ou tèlman ap byen travay lekòl, se pou sa mwen ak papa w deside n ap fè tout sa nou kapab pou nou ede w ale pi lwen.

- Enben se pa yon pinisyon?
- Non, se yon chans ou genyen pou vini lekòl Pòtoprens.
- Eske nou kontan ?
- Nou tris paske ou pa avèk nou, men nou kontan pou avni w. W ap rete kay sè mwen. Ou prale lekòl avek Ti Da, epi w ap kapab fè devwa w yo kay Madàm Mari. Mwen konnen w ap byen isit la.
- Kote inifòm mwen ?
- Demen bonè nou pral jere sa! Mwen rete kwè w ap renmen lavi Pòtoprens la, ou pral dekouvri yon pakèt bagay. Nan fen ane a, w ap tounen nan ti mòn ou, jan ou renmen l sa a.



- An nou fè yon ti jwèt pou nou rekonsilye. Si ou te kapab chanje jan bagay yo pase a, kisa ou t ap fè si mwen te di w ou pral viv kay matant ou ?
- Wiii!! Ou pa bezwen mande mwen sa de (2) fwa! Ban mwen di nou kòman mwen t ap prepare gwo vwayaj sila.

Mwen t ap jwe yon dènye match foutbòl ak zanmi m yo. Mwen t ap pran nimewo telefòn Antwàn nan. Sa pat twò enterese m anvan, mwen te konn wè li chak jou !

Mwen t ap rache yon plim kòk la pou mwen sonje lakay lè mwen chagren nan Pòtoprens.

Mwen t ap pase plis tan ak grann mwen, pou mwen te ka soulaje tristès li.

Mwen t ap mande papa m pou li rakonte mwen yon fwa ankò istwa Tonton Frantz lè li te pati ale Nouyòk, pou mwen te ka gen kouraj mwen menm tou.

Mwen t ap pote de mango Madan Kamèl pou mwen fè marenn mwen ak Ti Da kado paske se pi bon mango ki genyen nan peyi a! »

Se konsa manman m avèk mwen pase yon pakét tan ap pale, ap ri sou sa.



Jou manman m prale, se yon lòt lavi ki kòmanse pou mwen. Menm si mwen chagren dèské li prale, mwen santi mwen an konfyans. Matant Jezila pral byen pran swen mwen, Ti Da la tou pou ban mwen kouraj lè mwen ap gen bezwen. Tout lespwa fanmi mwen mete sou mwen ban mwen fòs pou mwen reyisi. Jounen jodia, mwen konnen ki metye mwen vle fè. Lè mwen gran, m ap fè pwofesè lekòl. M ap tounen nan mòn epi m ap louvri yon lekòl, pou okenn timoun pa blije kite paran yo pou yo ale etidye lavil.



- « Men istwa mwen mezanmi. Se konsa mwen menm Teyofil Delaba, Mwen kite lakay mwen, mwen vini Pòtoprens, mwen kanpe devan nou jodia, nan klas 4èm ane fondamantal sa a. »


Tout klas la ap gade Teyo. Timoun yo pa bouje menm yon ti zòtèy.

Klas la tèlman nan silans, si ou te la ou te gen dwa tandé mouch k ap vole.

Metrès la leve pou li pran lapawòl.

« - Mèsi Teyofil! Ou se yon bon kontè ! Se pa sèl ou menm nan klas sa ki soti lwen, Mari tou vini Pòtoprens pou li vini lekòl.

Yon gwo bravo pou nou tout pou premye jou lekòl sa a ! Nou te rete chita byen trankil pou nou te tandé Teyo ki t ap rankonte nou listwa li. Se premye règ respè a, timoun. Mwen santi nou pral byen travay ane sa a. Paran nou ap kontan timoun. Nou mèt al nan rekreyasyon, klòch la sonnen. »







Yon ti gason ki chita dèyè nan klas la pouse yon bri kontantman :

« - Byenvini Pòtoprens, « Teyofil kontè a » ! Viv Teyo ki konn tire kont, Teyo T.K. ! »

Tout timoun tonbe rele « viv Teyo T.K. », pandan y ap soti nan klas la. Nan lakou rekreyasyon an, Ti Da fè yon ti chante pou Teyo, metrèς la byen kontan.

Byenvini, byenvini ! Teyo T.K.

Men nou, men nou ! Teyo T.K.

Nouvo zanmi ou yo! Teyo T.K.

Siye je ou pa kriye kouzen ! Teyo T.K.

Laperèz ou fini ! Teyo T.K.

Lekòl la se la! Teyo T.K.

Nouvo lavi ou a tou! Teyo T.K.

Pye Teyo pa touche tè tèlman kè li kontan ! Tout klas la ap repete ti non li Teyo T.K. pandan y ap bat bravo epi y ap chante. Komanse ane lekòl la nan bèl anbyans sa se yon bon bagay.

FEN





